Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (OPWDD)
Bwat Zouti pou Transisyon nan Sèvis pou Adilt

Men kèk nan resous ki disponib pou elèv k ap prepare yo pou soti nan lavi lekòl pou antre nan lavi adilt, ansanm ak fanmi yo. Kontakte lekòl ou ak kowòdonatè lokal ki jere transisyon lekòl nan Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) pou jwenn plis enfòmasyon.

***Sitwèb OPWDD*:** https://opwdd.ny.gov

Ale sou https://opwdd.ny.gov/access-supports/school-transition ***pou jwenn:***

- ***Lèt bay Paran/Responsab la*** ki soti nan men Willow Baer, Komisè Enterimè OPWDD a
- ***Konsantman Elèv/Paran/Responsab la*** (fòmilè)
- ***Planifikasyon Tranzisyon: soti lekòl pou lavi adilt*** (bwochi)

Epitou sou sitwèb OPWDD a:

- ***Jwenn yon Travay ak Patisipe nan Kominote Ou*** (bwochi)
  Bwochi sou Jwenn yon Travay ak Patisipe nan Kominote Ou | Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal
- ***Pwogram Fòmasyon pou Travay*** (depliyan)
  Depliyan sou Pwogram Fòmasyon pou Travay | Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (ny.gov)
- ***Pwogram Fòmasyon pou Travay pou Elèv*** (depliyan)
  Depliyan sou Pwogram Fòmasyon pou Travay pou Elèv | Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (ny.gov)
- ***Sipò Right @ Home nan Kay ak Èd pou Lojman*** (bwochi)
  https://opwdd.ny.gov/system/files/documents/2020/03/032_right-at-home-housing-brochures_342020.pdf
- ***Enfòmasyon Enpòtan sou Elijibilite pou Sèvis OPWDD yo*** (fèy enfòmasyon)
  https://opwdd.ny.gov/system/files/documents/2021/12/nys_opwdd_eligibility_important_121621.pdf
- ***Kijan Mwen Ka Jwenn Sèvis yo? Pòt Devan*** (bwochi)
  Kijan Mwen Ka Jwenn Sèvis yo: Bwochi sou Pòt Devan | Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (ny.gov)
- ***Sèvis Oto-dirije Lavi Mwen, Chwa Mwen*** (bwochi)
  Bwochi sou Oto-Direksyon | Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (ny.gov)
- ***Prezantasyon Sèvis Sipò pou Fanmi (FSS)*** (bwochi)
  https://opwdd.ny.gov/system/files/documents/2022/05/017_family_support_services_4202022.pdf
- ***Evalyasyon Konplè*** (bwochi)
  https://opwdd.ny.gov/system/files/documents/2021/05/031_comp-assesments-cans_5_3_21-.pdf

Plis resous ou ka jwenn sou entènèt:

Resous ki endike nan seksyon ki pi ba yo se pou enfòmasyon jeneral sèlman. Òganizasyon ki endike yo pa nesesèman anba kontwòl OPWDD ni afilye avèk li nan okenn fason.

Eta Nouyòk (NYS) Depatman Edikasyon (NYSED) – Biwo Edikasyon Espesyal (OSE):

- **Edikasyon Espesyal nan NYS** http://www.p12.nysed.gov/specialed/ - *Enfòmasyon ki pou paran/responsab yo.*
- **Edikasyon Espsyal nan NYS Gwoup Travay** www.nyspecialedtaskforce.org - *Fowòm pou paran, defansè, avoka, pèsonèl lekòl, founisè sèvis, ak moun ki gen andikap – diskite pwoblèm, politik, ak chanjman yo pwopoze nan lwa ak règleman ki afekte elèv ki gen andikap yo. Gen ladan "Gid Edikasyon Espesyal nan Langaj Senp."*
- **Sèvis Karyè pou Adilt ak Edikasyon k ap Kontinye-Reyabilitasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR)** http://www.acces.nysed.gov/vr/student-and-youth-transition-services - *ACCES-VR bay sèvis pou ede jèn ki gen andikap yo prepare yo pou travay, edikasyon apre lekòl segondè ak lavi nan kominote lè yo kite lekòl ak pou ede moun ki kalifye yo atenn objektif travay yo.*
- **Lèt Lekòl Konjwen SED-OMH (10-23-24) ak "Resous sou Sante Mantal ak Prevansyon Swisid pou Lekòl NYS, fanmi ak elèv Otòn 2024"** Lèt Depatman Edikasyon Eta ak Biwo Sante Mantal NYS pou Pati sou Sante Mantal nan Lekòl yo - Mental Health Association in NYS, Inc. – *"Lèt Lekòl Konjwen SED-OMH (10-23-24)" bay enfòmasyon sou de inisyativ enpòtan ki disponib pou lekòl yo pou ankouraje objektif pataje asire elèv yo ak adilt ki sipòte yo gen zouti ak resous pou yo reyisi: etabli klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, epi bay Premye Swen nan domèn Sante Mantal pou pwofesè ak elèv yo.*

  "Resous pou Sante Mantal ak Prevansyon Swisid pou Lekòl, Fanmi, ak Elèv NYS – Otòn 2024" se yon gwo lis ki gen ladan resous pou pwofesyonèl lekòl, paran/fanmi, jèn/elèv, ak materyèl pou popilasyon ki riske pandan y ap ankouraje patisipasyon elèv yo. Kèk nan resous ak lyen sa yo se pa pou OMH oswa SED, men yo se resous lòt antite founi. Lè yo bay lyen sa yo, OMH ak SED pa apwouve sit sa yo ni apwouve okenn nan opinyon yo eksprime.

Gouvènman Etazini

- ***Depatman Edikasyon nan Etazini (DOE):***
  - **Gid Transisyon -** https://sites.ed.gov/idea/files/postsecondary-transition-guide-august-2020.pdf - *Gid Transisyon pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè ak Travay pou Elèv ak Jèn ki Gen Andikap.*
- ***Depatman Travay nan Etazini (DOL):***
  - **Sèvis Tranzisyon pou Jèn** - Sèvis Tranzisyon pou Jèn | Depatman Travay nan Etazini *– Gen enfòmasyon ki ka ede jèn yo jwenn konesans ak aprann konpetans pandan ane tranzisyon yo soti laj 14 oswa 16 an rive laj 25 oswa 30 an, y ap bezwen devlope endepandans yo ak kapasite pou yo pran swen tèt yo nan kominote yo.*
  - **Konpetans Jeneral pou Beye Bòdwo** - Konpetans Jeneral pou Beye Bòdwo | Depatman Travay nan Etazini *– yon pwogram etid ODEP devlope ki konsantre sou anseye konpetans "jeneral" oswa konpetans pou prepare jèn yo pou antre sou mache travay la, enkli jèn ki gen andikap yo.*

Lòt Resous pou Tranzisyon:

Autism Speaks https://www.autismspeaks.org/family-services/tool-kits/transition-tool-kit - *Resous ki bay sijesyon ak opsyon pou fanmi k ap chache yon chemen byen espesifik pou pitit yo k ap antre nan laj adilt.*

Autism Speaks https://www.autismspeaks.org/sites/default/files/2018-10/new-york-ttk.pdf - *Yon ti gid tranzisyon ki bay enfòmasyon jeneral sou kijan pou fè tranzisyon soti lekòl pou lavi adilt nan NYS*.

NY Connects https://www.nyconnects.ny.gov/ *– Se yon resous gouvènman NYS ki bay enfòmasyon gratis sou sèvis ak sipò alontèm nan Nouyòk pou moun nenpòt laj oswa ki gen nenpòt kalite andikap.*

Sant Nasyonal Asistans Teknik sou Tranzisyon (NTACT) https://transitionta.org/topics/secondary-education/transition-planning/ - *SitwèbNTACT – li bay resous ak zouti pou gide pwosesis planifikasyon tranzisyon an pou siksè apre lekòl — ladan gen zouti pou evalyasyon ak devlopman konpetans.*

Parent to Parent Sipò pou Moun k ap Bay Swen pou Bezwen Espesyal nan NY | Parent to Parent (ptopnys.org) *– Parent to Parent se yon òganizasyon san bi likratif nan tout eta a ki sipòte ak konekte fanmi moun ki gen bezwen espesyal.*

Planifikasyon Transisyon pou Elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) https://www.greatschools.org/gk/articles/transition-planning-for-students-with-ieps/ *– Atik ki pale sou enpòtans pou elèv ki gen IEP yo planifye pou lavi apre yo fini lekòl.*

Youth Power https://www.ftnys.org/youthpower/ *– Youth Power se yon rezo Eta Nouyòk (Families Together in NYS, Inc. òganize) ke jèn yo ak jèn adilt yo ap jere pou asire jèn yo patisipe aktivman nan tout nivo sèvis yo resevwa yo.*

Parent Network of Western New York https://parentnetworkwny.org *– bay edikasyon ak resous pou fanmi moun ki gen bezwen espesyal (soti nan nesans jiska laj adilt) ak pou pwofesyonèl, enkli sipò ak edikasyon endividyèl atravè resous, atelye ak gwoup sipò pou ede fanmi moun ki gen andikap yo konprann andikap yo epi itilize sistèm sèvis sipò a.*

Videyo sou Tranzisyon

- **Eleman Gouvènman Federal la Mande / IEP: Sèvis Tranzisyon** https://www.youtube.com/watch?v=LGozmLY16g4 *– Videyo kout pou ede moun/fanmi yo konprann dwa yo nan edikasyon espesyal.*
- **Komisyon NYS sou Kalite Swen (CQC) pou Andikap ak Zafè Legal: Seri sou Tranzisyon soti Lekòl pou Travay** https://www.youtube.com/watch?v=lAR9KOy04Ik *– Videyo ki eksplore enpòtans pou prepare jèn adilt ki gen andikap pou mond travay la. Itilize entèvyou ki bay enfòmasyon avèk elèv ki gen andikap, anplwayè, paran, kowòdonatè tranzisyon, pwofesè, avoka ak administratè lekòl yo.*
- **Ten Sigma** – http://tensigma.org/transition-tuesday-replay/ ak https://www.youtube.com/watch?v=8PxHcnKZjkY *Yon varyete videyo sou transisyon ki fèt grasa Ten Sigma, yon ajans san bi likratif nan Minnesota ki gen misyon pou bay paran, lekòl ak distri lekòl zouti pratik pou anseye, evalye, epi pi byen asire siksè elèv yo.*